


# Gid Paran pou MAP Growth

Timoun yo aprann pi byen—ak pi vit—lè pwofesè yo gen yon lide klè sou kisa chak elèv konnen ak kisa li pare pou aprann apre sa. Se rezon sa a ki fè yon gwoup edikatè ak chèchè te fonde NWEA®, ki se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi, epi ki kreye kèk nan solisyon moun kwè ladan yo plis ak fè pi gwo konfyans ki posib. Gen plis pase 9 milyon elèv nan Etazini ak nan 140 peyi sou latè k ap sèvi avèk MAP® Growth™.

## Kouman li Sèvi


MAP Growth se yon tès ki adapte pou òdinatè. Si pitit ou bay repons kòrèk pou yon kesyon, kesyon ki vini apre a yon jan pi difisil. Si repons la pa kòrèk, kesyon apre a pi fasil. Kalite evalyasyon sa a mande pi bon elèv yo efò, san li pa depase kapasite elèv ki pa gen konnesans ki koresponn avèk nivo klas yo.



MAP Growth kòmanse avèk yon kesyon nan nivo klas chak elèv, epi li fè nivo difikilte a koresponn avèk pèfòmans moun lan.

## Kisa li Mezire

MAP Growth sèvi avèk yon nechèl RIT pou mezire avèk presizyon kisa yon elèv konnen, kèlkeswa nivo klas li ye a. Li mezire tou pwogrè li fè apre yon tan, sa ki pèmèt ou kontwole pwogrè pitit ou pandan tout lane eskolè a, ak pandan plizyè lane. Depi pitit ou fin fè yon tès MAP Growth, l ap resevwa yon nòt RIT.



Nechèl RIT a mezire pèfòmans elèv la avèk presizyon, kèlkeswa si nivo pèfòmans lan koresponn, oubyen si li te pi wo oswa pi ba pase nivo klas la.

## Rezilta yo: Nòt RIT pitit ou

Nòt RIT yo vle di menm bagay nan tout nivo klas yo. Si yon elèv katriyèm ak yon elèv uityèm pran menm nòt RIT a pou lekti, sa vle di tès la montre yo nan menm nivo pou matyè sa a.

Ou ka sèvi avèk nòt RIT pitit ou pou ede l rive nan objektif li yo. Pa egzanp, elèv yo kapab antre nòt RIT yo nan zouti rechèch pou kolèj nou an, pou wè nan ki kolèj ak ki inivèsite yo kapab antre. Ou ka gade tou anliy resous ki sèvi avèk nòt RIT yo pou bay elèv konsèy sou liv ak egzèsis nan entènèt yo ka sèvi, tankou [yourreadingpath.com](http://yourreadingpath.com) ak [khanacademy.org](http://khanacademy.org).

“MAP Growth enpòtan paske li pèmèt pwofesè mwen avèk mwen wè sa mwen konnen, ak nan ki pousantaj pwogrè mwen mete m. Nan matematik, nòt mwen te konn 227 (70zyèm pousantaj), men kounye a li 240 (87yèm pousantaj). Mwen pa te konnen mwen te kapab fè tout pwogrè sa a, men apre sa mwen wè mwen kapab.”

Kayla, klas 6zyèm  
Santa Ana, CA

## KESYON YO KONN POZE ANPIL FWA

<b>Kouman lekòl ak pwofesè yo sèvi avèk nòt MAP Growth yo?</b>	Pwofesè yo kapab sèvi avèk nòt kòm enfòmasyon pou fòmasyon elèv, pou pèsonalize aprantisaj yo, ak pou gade pwogrè chak elèv ap fè. Direktè ak administratè yo kapab sèvi avèk nòt yo pou gade pèfòmans ak pwogrè nan nivo yon klas, oswa yon lekòl, oswa tout distrik la.
<b>Èske MAP Growth kapab fè m konnen si yon timoun ap bay rannman ki koresponn avèk nivo klas li?</b>	Wi, men tanpri sonje sa, nòt MAP Growth yo se sèlman yon eleman enfòmasyon pwofesè yo sèvi pou gade ki rannman yon elèv bay. Si ou gen nenpòt kesyon sou pèfòmans pitit ou, pale sou sa avèk pwofesè timoun lan.
<b>Chak konbyen tan pitit mwen an pral pran tès MAP Growth yo?</b>	Pifò lekòl yo bay elèv tès MAP Growth yo nan kòmansman, ak nan mitan, ak nan fen lane eskolè a (nan sezon otòn, ivè, ak prentan). Gen lekòl ki chwazi pou yo bay tès la sèlman 2 fwa chak ane.
<b>Kisa ki estanda yo?</b>	NWEA fè lekòl yo konnen estanda yo chak twazan. Enfòmasyon sa yo, ki sou plis pase 10 milyon elèv nan peyi a, se enfòmasyon anonim. Lè li konnen nòt konbine tout elèv yo nan nivo siperyè, nivo mwayen ak nivo ba, yon pwofesè kapab konpare kote nòt pitit ou ye anrapò avèk lòt elèv yo, epi ede pitit ou a pwogrese.
<b>Èske MAP Growth se yon tès ki estandadize?</b>	Yon rezon ki fè MAP Growth pa menm jan avèk yon tès estanda, se paske yo bay li pandan lane eskolè a. Pase pou li ta mande tout elèv yo menm kesyon, li ajiste dapre nivo pèfòmans chak elèv - sa ki pèmèt li mezire avèk plis presizyon kisa elèv la konnen. Epitou, pwofesè a resevwa rezilta yo tousuit, kidonk li kapab reyaji pi vit.
<b>Ki kalite kesyon ki nan tès MAP Growth yo?</b>	Tès MAP Growth yo genyen kesyon chwa miltip, glise-depoze, ak lòt kalite kesyon. Pou gade egzanp tès yo, ale nan adrès <a href="http://warmup.nwea.org">warmup.nwea.org</a> .

**Pou jwenn konsèy sou jan pou pare pou pran tès MAP Growth yo, gade nan adrès blòg nou an:**

**[nwea.org/blog/category/parents](http://nwea.org/blog/category/parents)**

**Pou jwenn plis resous pou paran, gade nan [nwea.org/parent-toolkit](http://nwea.org/parent-toolkit)**



NWEA® se yon òganizasyon ki pa travay pou fè benefis, epi li sipòte elèv ak edikatè nan tout peyi, paske li bay solisyon evalyasyon, rapò pou ede moun konprann, asistans pwofesyonèl pou aprantisaj, ak sèvis rechèch. Gade nan adrès [NWEA.org](http://NWEA.org) pou wè kouman NWEA kapab travay avèk ou pou ede tout timoun aprann.

© NWEA 2017. MAP ak NWEA se mak komèsyal ki anrejistre, epi MAP Skills, MAP Growth, ak Measuring What Matters se mak komèsyal NWEA nan Etazini ak nan lòt peyi. Ilistasyon © Adam Simpson and Heart 2017. Non lòt konpayi yo, ansanm ak sa yo fè, se non komèsyal pwòp pwopriyete yo.